

VI BIBLIK KARAKTÈ SEKSYÈL IMÈN

Bon Dye kreye moun:

Li fè-l pòtre ak Li.

Li kreye yo gason ak fi.

Jenèz 1:27

La Bib komanse diskou karaktè sèksyèl imèn nan liv Jenèz avèk istwa kreasyon an. Jezi, Li-minm te baze anseyman li alèga maryaj e divòs nan Jenèz 2, Li bay istwa kreasyon kòm dènye otorite pou toutan (Matye 19:4-6, Mak 10:6-9). Apòt Pòl te rezonne menm jan, Li te baze obligasyon li konsène maryaj Kreyen nan menm langaj ak Jenèz 2:24 (Efèz 5:31).

Nan Jenèz 1-2 karaktè sèksyèl dèveni pi gran pwen nan yon konvèzasyon pi laj konsènen entansyon orijinal pou òm imèn, sètadi, anshèyman kouròn kreatif. Bon Dye te kreye lòm, la Bib di nou

Epi plis, distinksyon lòm ak fanm se eprèv esantyèl pou akonpli bi yo pou imanite. Vreman; lakonplisman premye lòd Bon Dye demann imanite bezwen tou lè dè, mal e femèl. Nou li nan Jenèz 12:8: 'Bon Dye te beni yo e te di yo; "Li ba yo benediksyon, Li di'; Fè pitit, fè anpil pitit mete sou tè a. Dontè tè a.'" Obeyisans pou komandman divin orijinèl sa a, ta enposib san Bon Dye kreye e beni lòm ak distenksyon lòm ak fanm, sètadi, mal e femèl.

Lòm ak fanm fè posib mèveye miks de menm ak diferans ki fè entimite sèksyèl ak fè pitit posib. Lòm ak fanm ak seks, se don divin, yo fè pati kreasyon Bon Dye te prononse; trè bon. (Jenèz 1:31) Sepandan, menm si karaktè sèksyèl imèn gen tan vin gen difikilte ak pwoblèm tout espèsyalman nan jou nou yo, Se pat entansyon Bon Dye pou sa ta konsa,.

Karaktè sèksyèl se yon benediksyon divin. Bon Dye te kreye lòm, pa sèlman pou lòm gen relasyon intim ak Li-menm, men osi pou li gen yon relasyon intim, rich e èkstraòdinè nan maryaj. Nou li nan Jenèz 2:24: Se poutèt sa, gason an va kite papa-l ak manman pou-l mete tè li ansanm ak madanm li, pou tou de fè yon sèl. Mènmen lavèrite nou jwèn ankò nan Nouvo Tèstaman (Mat.19:4-6; Efèz 5:31)

Istwa Kreasyon poze yon fondasyon pou teology de karaktè sèksyèl ki an liy e konplèt ak tout lòt Lezèkriti Sakre. Nou kapab rezime anseyman Bib la an brèf: Sèksyèl imèn se yon don divin, pa mwayèn imanite sa, ki kreye mal e femèl, kapab eksperyans nan maryaj yon fon inyon-youn ki se fizik, intelèksyèl, sansib, e èspirityèl – e ki akonpli komann divin – Lòm se pou yo fètil e fè anpil pitit. (Jenèz 1:28)

Avan nou konpli entrodiksyon karaktè sèksyèl e kreasyon, nou dwe ajoute ankò youn obsèvasyon enpòtan: La Bib toujou onore don lavi selebre (Jenèz 2:18; Jenèz 2:24; Provèb 18:22; Provèb 2:24, 18:22, 19:14, 1 Korent 7:2, Ebre 13:4) sètadi don pou rete tou sèl. (Matye 19:10-12; 1 Korent 7:25-38) Ni maryaj ni rete tou sèl se benediksyon divin. Tou-le-de bay mwayen pou lòm kapab miltiplye.

Karaktè sèksyèl e Chit la

Premye òd kreasyon Bon Dye te vrèman trè bon. (Jenèz 1:31) Men chit la te chanje tout bagay. Li te gate, premyeman, entimite Bondye te vle pou lòm jwi ak Li. Dezièman, li te kraze entimite Bondye te vle pou nou nan maryaj nou, nan lye sèksyèl la. Nan yon mo, depi Chit la, karaktè sèksyèl nou kase. Chit la pat kite okenn aspè nati imèn ni kite youn ekspèryans imen san koripsyon. Nati imen te chite e karaktè sèksyèl la te tonbe tout ansanm ak li.

Sa pa dwe fè nou sipriz, alò, ke nou jwèn si tèlman dezòd nan le monn. Desen orijinèl Bon Dye pou sèks – pou sa fèt nan maryaj ant yon mal e yon femèl – gen tan gate nan plizyè fason. Sèks avan maryaj, viv ansanm san maryaj, adultè, pònografi, e plizyè fom de abis sèksyèl fèt si tèlman anpil nan kilti nou jodi a.

Se grav. Nou gen dezòd sa nan lègliz menm. Menm kèk pastè gen tan tonbe nan dèzòd sa. Abis sèksyal ki fèt pami pastè yo se yon gran sin de fondè e mechanste peche imèn.

Dezod sèksyèl pa yon pwoblèm inik pou jodi a. Se te yon pwoblèm, nan lemonn Biblik tou. Anpil pasaj nan La Bib klè lè yo defann aktivite sèksyèl (Egzod 20:14; Egzod 22:19; Lev. 18; Lev. 20:10-21; Deteronom 22: 10-21; Deter. 23:17-18; Matye 5:27-30; Mak 7:21-23; Jan 7:53-8:11; Travay Apòt yo 15:20; Travay Apòt yo 15:19-20; Ròm 13:13, 1 Korent 5:11; 1 Korent 6:13; 18; 1 Korent 10:8; 2 Korent 12:21; Galat 5:19; Efèz 5:3; Kolòs 3:5-6; 1 Tesalonik 4:3-5; Apokalips 2:20) Gen lòt tèks ki bay konsekans ènòm de dezòd sèksyèl (Jenèz 19:1-29, 30-38; Resensman 25:2; 2 Sam. 11-12; 2 Sam 13; 1 Wa 11; Provèb 2:16-19; Provèb 6:30-35).

Prèske depi o-komansman istwa imèn, don Bon Dye de sèks-- ke Li te pwopoze pou byen nou-- gen tan mal sèvi pou domaje nou. Nan fason sa moun nan Asyen Tèstaman – Abraam, Jakob, David, e Salomon – te gen plis ke youn madanm, menm si Bon Dye te di dèpi o-komansman maryaj dwe yon femèl ak yon mal. David Li-menm te yon adultè. Espirityalite Biblik, nan Ansyen e Nouvo Tèstaman jan sa parèt, tè menase ak destriksyon akòz dezi sèksyèl yo nan tout fòm.

Alò, nou pa dwe panse ke pwoblèm sèksyèl nou genyen kounye a ak konfizyon an se yon bagay inik. Se yon prèv imanite te chite. Sèksyalite, nenpòt jan li dwe ye se yon pwoblèm pou ni enkredil yo ni krètyen yo. Se yon pwoblèm pou lòm e fanm. Sè yon pwoblèm pou sa yo ki gen sèdiksyon pou mèn sèks ak sa yo pou diferan sèks, Se trè klè ke sèksyalite dèzòd se yon pwoblèm inivèsèl.

Men, kounye a nou jwèn nou menm nan yon kafou kiltyèl. De èksprèsyon an patikilyè de dèzòd sèksyèl gen tan vin okipe premye plas diskisyon kounye a sou karaktè sèksyèl imèn, sitou sèks lòm ak fanm, e lòm ak lòm e fanm ak fanm. Tout say o toujou te èkziste dèpi lòm te chite, men demann pou nou aksèpte yo kòm si se yon kalite lavi moral moun gen dwa chwazi se yon chwa pat genyen oparavan. Se trè nesèsè pou legliz panse fondeman, biblikman, e ak konpasyon sou kalite

lavi imoral sa yo, e a sa yo ki twoublè ak kesyon sa yo,

Relasyon seksyèl ak moun menm sèks

Relasyon seksyèl ak moun menm sèks devni yon sijè kap diskite anpil nan ane resant yo. Kesyon gran enpòtans depann sou diskisyon sa a, tankou nati sèksyalite imèn e nati otòrite Bib la. Donk, nou bezwen panse o-fon e pale klèman sou sijè sa a. Sepandan, nou ki kreyin bezwen pale lavèrite ak lamou (Efèz 4:15). Sa mande pou nou pran swen pou mache nan yon èspas etwat ant 2 èrè diferan.

Youn, nou pa kapab aksèpte panse kilti a sou sijè relasyon seksyèl moun menm sèks la. Plis an plis lemond aksèpte relasyon seksyèl ak moun menm sèks kòm yon chwa pèsònèl ki gen tout valè, san okenn kritik moral. Relasyon seksyèl ak moun menm sèks devni trè òdinè. Plis an plis, moun kap opoze pratik relasyon seksyèl ak moun menm sèks -malgre yo pale ak lamou – lezòt yo fè komsi moun opozisyon an rayisan e rejete moun ki vle viv gason ak gason e fanm ak fanm . Nou pa kapab senplèman chanje teoloji nou pou konfòme ak klima moral la. Nou pa kapab echanje -santiman-konvansyonèl an plas lavèrite Pawòl Bon Dye.

VI BIBLIKAL DE KARAKTE SEKSYEL IMEN

A menm tan nou pa kapab pran aksyon two vit. Nou pa kapab pran yon sèl pratik, sèks ak moun menm sèks la, komsi se sèl sijè inik ki resevwa denonsyasyon divin. Se vre, Lèzèkriti klèman endike Bon Dye pa dakò ak kondwit sèks ak moun menm sèks. (Jenèz 19:1-22; Jij 19:1-21; Lèv. 18:22; Lèv. 20:13; Ròm 1:24-28; 1 Korent 6:9-10; 1 Timote 1:10. Men Lezekriti byen klè Bon Dye pa dakò ak imoralite gason ak fi nonpli. (Gade Lèkriti nou te bay oparavan). Tout kalite imoralite seksyèl klèman kont sa La Bib ansèye nou. Imoralite tòde kado sèksyalite a, e tonbe anba jijman Bon Dye sen an ki jus. Lezekriti avèti nou, -Kouri pou dèzòd lachè- 1 Korent 6:18, nan tout fòm imoralite sa kapab pran.

Pandan nou jwèn nou-menm nan mitan diskisyon kilti a sou relasyon seksyèl avèk moun menm sèks, osi, nou twouve nap diskite oryantasyon seksyèl la menm. Gen kèk ki wè moun ki atire a moun menm sèks la kòm yon afè fiks biolojik. Dapre yo, moun sa yo atire a moun menm sèks la akòz jan yo te fèt,. Gen lòt moun ki panse se yon kondisyon ki fèt akòz premye èkspèryans seksyèl moun nan te fè. E gen lòt ankò ki panse moun ki atire a lot moun menm sèks fè desizyon sa senpleman volontèman.

Sou pwèn sa a, Kreyen yo ki byen reflechi kapab genyen plis kèsyon pase repons. Sèksyalite imèn se yon koz trè konplike konpoze de pati biolojik, fisyolojik emosyonèl e espiyèl Pou èsplike atraksyon menm-sèks – kòm si se senpleman nati, ou senpleman ève, ou senpleman yon ak de

volonte,-- sa pa fè jistis pou jan sèksiyalite a konplike.

Men nou konnen sila: Nou viv nan yon monn chite kote anpil choz pa jan yo te dwe ye. Dezas, maladi, ak lamò, pa gen youn nan yo dakò ak plan Bon Dye te genyen o-komansman. Yo tout se yon pati kreasyon ki nan “èsklav kòripsyon” (Ròm 8:21). Nan yon kreasyon ki tonbe e deranje, sa pa dwe fè nou sipriz ke dezi imèn devni tòde. E dezi sèksyèl – ki te desiye pou pouse nou anvè relasyon entim sèksyèl e fè pitit nan maryaj – devni tòde. Kèk moun, san fòt pa yo, twouve yap lite ak atraksyon pou moun menm sèks. Se sa nou jwèn nan yon monn ki chite e nou-menm tou ki fè pati ladann. Kreasyon gen tan kraze e lap tann pou restòasyon. Nap toujou tann pou Jezi fè “tout bagay tounèf” (Apokalips 21:5)

An tou ka, nou pa bezwen konprann konplètman kote atraksyon menm sèks la sòti afen ke nou kapab ensiste Bondye demande e, ak pwisans divin, fè nou kapab obeyi komandman Li yo. La Bib defann klèman sèks apa de maryaj gason ak fi. Menm si La Bib pa di anpil dirèkteman alega oryantasyon sèksyèl, se pa pwen sa kap diskite. Sa La Bib èntèdi se imòralite sèksyèl. Atraksyon sèksyèl pa en kèsyon, men se kondwit sèksyèl la.

Trans Lòm è Fanm

Malgre o-komansman Bon Dye te kreye de (2) distenk e konplimantè sèks (Jenèz 1:27, Matye 19:4), yon distenkasyon ki notab nan fizyolojik ras imèn, youn nan resilta Chit la se ke kèk moun konfize si yo lòm ou fanm. Yo konsidere lòm ak fanm kòm moun ki diferant nan sikoloji yo apa de sa yo ye biolojikman. Se pa menm bagay ak yon kondisyon ra ki rele *entèsèksyèl* ou *èmafroditism*. Kondisyon *entèsèksyèl* sa se lè sèks yon pèsonn biolojikman ambigi, sa vle di, yon moun gen tou-le-de premye trèt sèksyèl mal e femèl. Nan ka trans lòm ak fanm, sèks moun nan klè biolojikman men sikolojikman li pa klè. Se yon pwoblèm ki pa fizyolojik, men se jan moun nan wè pwòp tèt li.

Tou dènyeman, kominote mèdik Amèriken te komanse ofri plizyè kalite trètman pou sa ki rele -lòm ak fanm disfòya- konpri tèopi òmonn, e sijeri reasyasyon lòm ak fanm. Anpil LGBT (Lesbian, Gay, Bisexual, Transgender) moun yo ap chache pou fè trans lòm ak fanm yo nòmal. Yo ensiste ke moun sa yo gen dwa pou deside si yo lòm ou fanm selon jan yo wè pwòp tèt yo, olye selon jan yo fèt biolojikman. An plis, lekòl piblik la enkouraje paran yo e moun ki travay nan lekòl yo pou fè moun ki gen santiman sa yo alèz.

An tou ka, nenpòt moun ki deside yo swa lòm ou fanm dapre jan yo wè pwòp tèt yo opoze lòd kreasyon an e Pawòl Bon Dye. Bon Dye, nan sajès Li, te fè lòm ak fanm imèn -mal e femèl – (Jenèz 1:27). Lòd sa, e chak moun ki enkli ladann, bezwen resevwa valè ak afimasyon. Lòm ak fanm se yon pati nan sa moun nan ye. Pèsonn pa kapab ekspèyante ak sa san moun nan pa soufri anpil tò.

Nou bezwen konprann e byen èsplike fason lòm ak fanm yo aji va variye selon kilti yo. Men si yon moun se lòm ou fanm toujou fonde nan Kreasyon olye nan kilti. Si yon moun lòm ou fanm se

plis pase bioloji sèlman, men nou pa kapab detèmine sa moun nan ye apa de bioloji.

Se yon vrè trajik dèske premye Chit la te entwodi biolojik ki pa nòminal tankou entèkaraktè sèksyèl nan ekspèryans imèn nan. Se trajik ke kèk endividyèl soufri akòz konfizyon idantite yo kòm lòm ou fanm. Nap tann ak pasyans pou kreasyon an libere de èsklavaj kòripsyon kouran an (Ròm 8:21), è redampsyon kò nou yo -Ròm 8:23-. Sepandan, nou bezwen montre amou è konpasyon pou sa yo ki lite ak konfizyon idantite lòm ak fanm. E nou bezwen envite yo pou pataje nan èspwa ki genyen nan levanjil la.

Menm si nou pa kapab sipòte aksyon sa yo ki vle echanje yon lòt sèks pase sa kò yo ye avèk sijèri ou avèk kimikal yo, nou bezwen gen senpati pou sa yo ki gen yon dezi fò pou chanje sèks yo. Kèk nan sa yo ki goumen ak dezi sa se frè e sé nou nan Jezi Kri. Nou bezwen aksèpte yo ak afèksyon è kòm bon frè yo nan Kris. Nou bezwen swiv ekzanp Jezi Kri kòm nou li, “Li pap kraze sa ki fèb yo.” (Ezayi 42.3; Matye 12:20)

Kòm kwayon, Bon Dye fè nou apèl pou renmen e montre konpasyon pou prochenn nou yo. Nou gen demann pou nou afime valè tout moun pwiske yo fèt nan imaj Bon Dye. Nou gen apèl pou envitè yo pou antre nan yon relasyon ak Jezi Kri. A menm tan nou bezwen ensiste moun yo pa dwe chanje sèks kò yo afen ke yo kapab chanje nan sèks yo panse yo ye.

Sèksyalite e redampsyon (Kounye a e nan Fiti)

Sèksyalite ki pa ann òd se toujou yon pwoblèm fon, men Bon Dye te bay yon èd nan Levanjil Jezi Kri. Bon Dye te kreye nou konplèt ak entègrite, e entègrite sèksyèl tou. Entègrite sa ki gen tan tòde pa pèche, kapab restore pa gras Bon Dye. Sèksyalite nou ki gen tan chite kapab jwèn restorasyon nan Kris.

Nou kapab jwèn padon pou penalite peche a. Jèzi te pran tout peche nou yo sou la Kwa. Kris te mouri pou sa yo ki gen dezi pou moun menm sèks e ki konfize ak ki sèks yo ye. Menm jan li te mouri pou sa yo ki gen lòt pwoblèm ak sèks (Ròm 3:23). Pa gen peche, ni sèksyèl ni lòt, ke Bon Dye pa kapab bay padon pou sa yo ki mete konfyans nan Jezi Kri. (1 Korent 6:9-11) Lè nou nan Kris, penalite peche a retire nèt.

Kounye a nou kapab jwèn libète de pwisans peche. Moralite Bon Dye demande a enposib pou nou kenbe ak pwòp fòs nou. Men Jezi kase pwisans peche sa li te padonne. Avèk èd divin Le Sent Espri Bon Dye ki viv nan nou, gras Bon Dye fè posib pou sa yo ki swiv Jezi kapab viv yon lavi ak piritè moral e sèksyalite sen. Sa pa vle di gras sa pral wete dezi pou ak sèksyèl yo Bon Dye te di pa bon. Li pa vle di, pa egzanp, Bon Dye va retire dezi pou sèks gason ak gason or femèl ak femèl ou pou moun ki pa konnen si se mal ou femèl yo ye. Se trè klè, Bon Diè kont adiltè, e a menm tan Lèzekriti e ekspèryans krètyen fè klè, Krètyen yo va gen pwoblèm ak dèzi fè adilti. Tantasyon pou peche rète o-fon karaktè krètyin an. Men pandan tantasyon kapab toujou la, nou pa bezwen tonbe

ladann. (1 Korent 10:13) Bon Dye bay nou libète pou nou pa bezwen èsklav peche (Ròm 6:6) Men kòm disip Kris, pou nou kapab fè ekspèryans libète a , nou bezwen kontinye reziste dèzi lide danjere ki nan nati peche nou (Galat 5:17, Kolòs 4:13)

Yon jou sa yo ki nan Kris va jwèn libète prezans peche a. Pandan nou kapab, pa gras Bon Dye, plis an plis, venk pwisans pèche pandan lavi sa a, nou pap jwèn pèfeksyon konplèt jiska kò nou konplètman jwèn redampsyon e glorifikasyon (Ròm 8:23). Lè sa nou va toujou rète, san pèche, nan nouvo syèl la è nouvo tè a. (Apolalips 21:1-5) Diferans mal è femèl va toujou rete pandan letèrnite—na rète mal è femèl. Men èksprèsyon sèksyal imèn nan desiye pa Bon Dye pou nou pandan nou sou la tè, kote sa sèvi kòm yon senbòl entimite èspiryèl ant Jèzi è èspous Li, ki se Legliz la. (Efèz 5:31-32) Lè Jèzi gen tan ini konplètman ak èspous Li, maryaj e èksprèsyon sèksyèl jan nou konnen sa, va ranplase ak plèze pi bon e youn entimite pafèt na genyen nan nouvo kreasyon. (Matye 22:23-33)

Sèksyalite Imèn: Afimasyon Prensipal yo

Donk, Legliz Misyonè, nan fidèlite ak Lèzekriti, e nan amoni ak ansiyen anseyman Kretyen, nou afime lavèrite swivan yo:

- ☞ Nou afime entansyon Bon Dye pou sèks se pou li ambelye enstitisyon maryaj la – youn alyans sakre ant yon mal e yon femèl.
- ☞ Nou afime sèks se yon don divin pou mete so sou pwomès maryaj yo, e pou plèzi (Provèb 18:19) e pou fè pitit. (Jenèz 1:28)
- ☞ Nou afime sèks se pati lòd kouran de kreasyon, an e li sèvi kòm yon senbòl entimite èspiryèl jan sa va ye nan Nouvo Kreasyon an.
- ☞ Nou afime Bon Dye desiye maryaj mal ak femèl pou sèvi kòm yon senbòl vivan relasyon ant Jezi e epous Li, Legliz la. (Efèz 5:31-32).
- ☞ Nou afime Bon Dye deklare tout sèks deyò limit maryaj la se peche —swa avan maryaj ou adiltè, swa sèks mal ak femèl avan maryaj, ou lòm ak lòm ou femèl ak femèl.
- ☞ Nou afime dèzòd sèksyèl se yon pwoblèm imèn e inivèsèl è tout dèzòd sèksyèl rete anba jijman Bon Dye.
- ☞ Nou afime BonDye fè apèl e Li bay puisans pou tout Kretyen yo, malgre nati atraksyon sèksyèl yo, pou pouswivmoralie pi e “sèksyèl sin”. #1
- ☞ Nou afime tout ak de sèks mal ak mal or femèl ak femèl kont dèsen Bon Dye te genyen orijinèlman pou imanite ògmante; e sèks mal ak mal è femèl ak femèl klèman entwodit nan Lezèkriti a.
- ☞ Nou afime sèks mal ak mal ou femèl ak femèl, malgre Leta di yo kapab, La Bib di sa pa bon.
- ☞ Nou afime mal è femèl se yon kado divin, ki nèsesè pou imanite e idantifikasyon pèsònèl.
- ☞ Nou afime dèsin Bon Dye pou kreasyon pou genyen mal ak femèl pou youn konplète lòt, youn distenksyon ki parèt klè nan jan ras imèn fèt.

- ☞ Nou afime kò mal è femèl se sa moun yo yè è pa nan sa yo santi yo yè.
- ☞ Nou afime pechè sèksyèl – nan nenpòt fòm li manifèste – pa kapab efase imaj Bon Dye a nan you nonm. Tout moun – malgre nati peche yo –mèrite konpasyon è respè, menm jan yo rete objè damou Bon Dye (Ròm 5:8)
- ☞ Nou afime Bon Dye relè nou pou renmen pechè yo, menm si nou gen tristès pou pechè yo.
- ☞ Nou afime nou tout sé pechè (Ròm 3:23) ki bezwen redampsyon ak gras Bon Dye.
- ☞ Nou afime konfyans nou nan Levanjil ki gen pwisans pou sove nou (Ròm. 1:16), è nan pwisans ki transfòme lavi nou pa mwayèn lè Sent Espri ki viv nan nou. Bon Dye vle gras, olye peche, pou genyen denyè mo nan lavi pitit Li. Na di Bon Dye mèsì, Li-menm ki fè nou genyen batay la sou lamò grèmèsì Jezi Kri, Sèyè nou a. (1 Korent 15:57)

#1 Nou jwènn fraz sa a

7/30/15